

Lembar Kerja Peserta Didik

LKPD

BAHASA JAWA

**KANGGE KELAS XI
SEMESTER I**

Antologi Taman
Cerkak



CAPAIAN PEMBELAJARAN

Pada akhir fase F, peserta didik mampu mengolah, menginterpretasi, menganalisis, dan mengidentifikasi informasi berupa gagasan, pikiran, perasaan, pandangan, arahan, atau pesan yang akurat dari membaca teks sastra *cerita cekak* dengan memperhatikan kaidah bahasa Jawa.

ELEMEN : Membaca

INDIKATOR KETERCAPAIAN

- Peserta didik dapat menjelaskan pengertian unsur intrinsik *cerita cekak* dengan tepat.
- Peserta didik dapat menganalisis unsur intrinsik *cerita cekak* dengan tepat.

TUJUAN PEMBELAJARAN

Setelah mengikuti pembelajaran dengan mengembangkan kemampuan bernalar kritis, gotong royong, dan percaya diri melalui model pembelajaran *Problem Based Learning (PBL)* dan metode *Student Teams Achievement Division (STAD)*, ceramah, diskusi, dan penugasan dengan menerapkan TPACK melalui media *Flip Book*, *Live Worksheet*, dan *Quizziz*, peserta didik dapat:

- Menjelaskan pengertian unsur intrinsik cerita cekak dengan tepat.
- Menganalisis unsur intrinsik cerita cekak dengan tepat.

FASE 1. ORIENTASI MASALAH

PERTANYAAN PEMANTIK

- Punapa para siswa sampun nate maos cerita cekak ?
- Menapa irah-irahan cerita cekak ingkang sampun nate dipunwaos siswa menika ?
- Cerita cekak kanthi tema menapa ingkang sampun nate dipunwaos dening para siswa ?
- Miturut para siswa, unsur cerita cekak menika kadadosan saking unsur menapa kemawon ?

PRE - TEST

Kangge mangertosi *kemampuan awal* para siswa saderengipun pasinaon, sumangga saged dipunwangsul pitakenan wonten link menika.
<https://quizizz.com/join?gc=75194770>



FASE 2. ORGANISASI PESERTA DIDIK

MATERI FAKTUAL

Tuladha Cerita Cekak ing Kalawarti Djaka Lodhang

26

Selasa, 12 Mei 2015
Jaka Lodhang, 12 Mei 2015

Cerita Cekak

Nini Klenyem :

Aku KUDU LUWUH NGATI-ATI



Stres...ayake, ngono yen lembang satuk, aku ya gumun karo kersakane bocah-bocah satuk, sing apa-apa kok njur ngambang...maling...nekat... mangsa perkawane durung cetna. Wis ana tetung dina, pasien anyar iki dadi jellahanku, ing bangsal Kenanga, papanku dhine.

"Nyambak nekat badhe ngaku suster, ngaku teng mangg ngono njur semperan kadhik bae," ngono kandharane ibune sing nurugoni nalika aku ngepasi ngganti perbanne dheweke.

"Lajeng perkawinan purapa, bu?" aku nanyit.

"Boten ngertos, Sus. Sanjange remange awak kudu niku bubar regejegan kadhik pacare, ning pacare niku njur kesah manuk tenet Jakarta. Emapan seminggu niku boten mbebet kulyah."

Misangka perawat, aku ayem

barang dhokter ngendhi ya sike munj pepes karo baluk bundhan ning jero ora apa-apa. Aku yakin suk yen gip-e wis dibukak dweheke mesthi enqal mari. Nalika durung seminggu neng rumah satuk, dweheke anget mangen, kepeksane kudu dadekang kadhik faten. Stres sajak abot. Wong angger tura mesthi ngidhar.

"Ningun...Ningun" ngono teras...bokumenawa kudu undang-undange pacare. Barung wis genep seputuh dina, dweheke wis sadilar tenan. Ning yakut, dweheke aternan, gedem mangen ning kudu njakak dufang. Semono nga wekdane adus ya kudu aku sing ngidhar, nganti budi iki ditoni kancak-kancak perawat sing malah banjur macukake aku karo dweheke, kandharane:

"E...c...Dina, Tamtomo pasienmu sing aternan kae wis

semester akhir lho... mangsa kulyah ing bukam, suk lek luhak dadi penjacara, akeh lho dweheke."

"Ah, ya embuh," wangsulaku karo njlungsi. Ning ya gene atiku mangkel-mangkel seneng yen dipacok-pacokake karo Tamtomo. Geneya atiku seneng yen dipacok? Apa aku ya seneng karo dweheke?

"Tamtomo tahun baru, pacar baru mi, ya" ngono panyengese kancak-kancak yen aku lagi pas rampung ngidhar Tamtomo. Apa bocah iki mujudake hadhian kanggo ing taun anyar sasi ngarep kudu? Sasawene iki aku tak durung nate pacaran, embuhlah, aku ora ngerti. Sing cetna yen aku durung ndulang apa nyibini dweheke dina kudu, rasane kaya ana sing kurang. Aku rumangsa seneng yen cecedhakane karo dweheke. Jare kancak-kancak yen aku durung ketok, Tomo malah nakhalake:

"Mara Mbak Dina?"

Satuk Tomo wis ajar mikuk. Tamtomo aku sing dijajah dhamplingi yen dweheke ajar mikuk neng sajaban bangsal. Aku ya setya ngancani, yen ngepasi dhine, kudu tak ya mujudake tugas ing rumah satuk. Babar pisan aku ora wani takon apa-apa, kejaba mang ndedonga jroning ati, supaya dweheke enqal piawangan mari, lan banjur bisa bali kulyah maneh. Liyane kabeh tak pasrahake marang Gusti Kang Paring Urip.

Nalika tekan platform ing sangsiro wi alamanadha kang ngrembuwang, Tomo neng lunggahan ing kursi taman, tak turuti. Karo mangun lungguh dweheke kandhar:

"Dik, Dina, matumawa ya, dene alaman wis kersa nganti alu kadhik gernal, nganti alu kali wi ajar mikuk."

Aku mangsuli nggedhekeke atine:

"Wis ta Mas Tomo, sabar. Sedheka maneh panjenengan tak bisa bali kulyah. Mula suk ta sah seneng ngidhar, luwih-luwih yen penggalah lagi mangkel utawa nate lagi peteng, mudhak gampang nemo kadhalan."

"Jenah pacarku kudu ngregetake sok Dik, mang

26

Selasa, 12 Mei 2015
Jaka Lodhang, 12 Mei 2015

Cerita Cekak



Ragasi dibukak Lisa nggedheke koper ing bagasi, dene Sinta wis nggonggong nganti nganti. Tawar-dawar kendharane singgakeke platform tumuju stasiun. Sore iki kabinane terang. Lemah lan dahan angul sing diluwat leles meniti teteng buhar udan.

Lumrahne wonten kengangan cilik segar, sheet kan kerdhik kerdhik diting peteng stasiun. Caton pemungut sing wis anyar ing barisan iki priksa ora akeh. Sinta sing wis tekan stasiun banjur tumuju barisan keri, dene Lisa bangsane mudi.

Sepur Sawunggadh wis majan ing peron 3. Kabeh ana 8 gerbong, klebu kabin. Sinta ndelwa ing gerbong 2 banjur tumuju kursi nomer 12D. Sajak pancen wekdane ora meket anggonne. Sinta

yen wis arep mangkat. Lisa mangsa nang kamar ya? Lisa menyat saha diting. Sinta jumarugah: metu kamar Sinta tumuju kamar dweheke. Kamar Sinta lan Lisa jejuran. Lawang kamar amung kacek api setengah meter, ing lawang kamar Lisa tulis Lisa Correll. Ora mang tulisan, ing ngisor tulisan iki uga ana pepasan templan foto lan gambar kembang. Kerna manis iki lagi nganti remaja. Ing jero kamar uga kethok tetepati foto lan gambar-gambar kembang.

Sinta lan Lisa satemene dweheke kengangan satuk padha. Kabinane seneng marang telanduran kembang. Platform omah ditandhi kembang-kembang kang manawa-warna ugal. Pepak banget bepara kaya baluk kembang. Sinta lan Lisa telaten ngurmati lan ngapahara telanduran kwi.

"Sa, arep mangkat?" Sinta nggeret koper lan nyungkil tas cilik karo lewat ngarep kamar Lisa.

"Ya, Mbak. Ayo daktijughe mangang stasiun?" Lisa sing lagi ngurugake tembang kanti nyumet kupinge nganggo piranti sing jenenge headset mesup saha panyaman banjur nganggo sweater rajut. Lisa lala-lala.

Monitor radha papat wis comawis ing platform. Sinta lan Lisa gage mbukak lawang kendharane.

tekan stasiun. Paling ora iki ana sepuh meniti Sinta mangsa jahal sepuh mangkat. Ora gantulan sawe sepuh rumambat metaki rei wesi bang gilar amarga saben dina kagila radha sepuh. Alon-alon sepuh singgakeke stasiun Kutarjo.

Sawangan sore iki wis rada katon peteng jalaran wis ngapak wekdha Mangli. Sinta mang Lisa nyawang ketap-ketap lampu ing omah-omah utawa saha kendharane kang lumaku ing dahan godhe. Yen miklu ing pagelangan utawa petasan, kudu teteng katon peteng, kepara ora cetna.

"Permis...?" ana pawangan nganggo setelan kadhik dines lungguh ing lungguh kengangan rejeki Sinta. Ngapane nganggo topi kan masuk, nyangkut kas ireng cilik. Dene lan sing rada godhe wis dipethakake ing bagasi.

Sinta nate awak, mripet se-thitik, meket kaca jendhela. Tangane nggongg tas cilik banjur ngupuk ponsel. Satemene ora ana sing arep dibukake. Sinta mang gicik warta ing internet banjur maca warta kabeh, embuh bu warta selebriti, utawa kesehatan, utawa fashion. Dhine ngurug nggedhekeke layar ponsel. Piripike memenerang marang layar. Kadhik kandharane unak-unak manawa jawa ing ponsel kudu.

Aku sing marani utawa sirama sing mbalik? sawara saha jero ponsel. Sinta ora mangsuli. Telpon kangmu makpet. Semaja dispet dening pi-yai ing telpon.

Sinta unjal ambegan dawa maneh. Donyane kaya-kaya rubuh lan nggedheke anggonne. Lungsur sepuh sing dawa kudu kaya ngguguy marang dweheke akeh panggoce. Sutarane klakon sepuh sing njrit njrit mikuk weng kaya jerit ati kang ngrestiti. Sinta madet dadi reca. Rada sawetara, dweheke amung mbegeg kene.

"Apa aku nganggu siramu?" Krisna nggedheke papan lunggane Sinta. Ora ana wangsulan saha wong wadon kudu. Satemene pengin ngalih panggonane maneh, nanging Krisna wis lungguh ing jejere. Krisna mbacutake gunem sirambi ngalung soklat. Soklat iki mirunggan kanggo siramu. Aja dibukak."

Rada sawetara Sinta nyawang bungkusane soklat karemanane. Soklat kudu ngelengake marang telakon kapungkur. Jalaran seneng njrit soklat, Krisna saben ngapeli dweheke mesthi nggawa. Nganti ing sawijining dina, Krisna kudu kandhar anggonne ngapeli Sinta. Kendhar



"Saya membawa bekal coklat. Apakah mbak mas coklat?"

gagapan, banjur tumungkul. "Sejatine, aku tak marang sampeyan, Mas Krisna," lirih sawarane Sinta. Panyawane adhi mendhak lungguh waku kang uga kapungkur. Tamat an kang tawuh

marang wong-wong kang bakal nerusake laku marang Jakarta. "Aku mudhun kene. Tulang dipenggalah. Aku malah ngenteni kabehane" Krisna nggedheke banjur nggedheke saha papan lunggane Sinta.

FASE 2. ORGANISASI PESERTA DIDIK

MATERI KONSEPTUAL

Pangertosan Unsur Intrinsik Cerkak

Unsur intrinsik cerita cekak, inggih menika unsur ingkang wonten ing salebetipun cerita cekak.

Ingkang Kalebet Unsur Intrinsik Cerkak

1. Tema
2. *Latar* utawi *setting*
3. Alur (Plot)
4. Paraga
5. Wataking Paraga
6. *Sudut Pandang*
7. Piwulang luhur (*amanat*)

Materi ingkang langkung jangkep saged dipuntingali wonten ing *link bahan ajar* :
<https://anyflip.com/evaum/rpkl/>



FASE 3. PENYELIDIKAN INDIVIDU / KELOMPOK

GLADHEN KELOMPOK

PITEDAH GLADHEN

- Kadamela kelompok kanthi cacahipun 6 siswa ing saben kelompok.
- Lenggah kaliyan kanca satunggal kelompokipun lajeng nindakaken pirembagan.
- Kawaosna cerita cekak ingkang sampun kasamektakaken
- Kaanlisisna unsur intrinsik cerkak ingkang sampun katemtokaken wonten ing perangan pitakenan lan kaandharna pawadanipun.
- Satunggal kelompok anggenipun ngempalaken cekap satunggal kemawon ananging sedaya anggota kelompok kedah paring pamanggih.
- Anggenipun mangsuli sasaged-saged ngginakaken basa Jawi ragam krama.

FASE 3. MEMBIMBING PENYELIDIKAN KELOMPOK

GLADHEN

Kawaosen cerita cekak kanthi irah-irahan “*Kangen Pak Bon*” ing ngandhap menika lajeng Kaanalisisen unsur intrinsik wonten ing cerita cekak menika saha pawadanipun!

Kangen Pak Bon

(Dening Sayekti Ardiyani)

Fikri bola-bali kerut irunge. Sanajan wis nganggo masker kanggo nutupi irunge, ambune kamar mandhi tembus tekan irung.

“Parah! Kamar mandhi iki ambune pesing banget! Mung rong dina Pak Bon ora mlebu, wis reged ngene. Hah, bocah-bocah ora tau nyiram sawise pipis pa?” sambate Fikri. “Iki nembe kamar mandhi siji, kamar mandhi liyane piye?”

Pak Bon, dadi tukang kebon lan tukang reresik ing sekolahe Fikri jenenge Pak Zaenuddin. Pak Bon wis rong dina ora nyambut gawe amarga lagi lara. Arep kepriye maneh yen Pak Bon ora langsung mlebu? pikir Fikri.

Kanthi upaya sing bisa ditindakake, Fikri pungkasane ambegan lega ing ngarep kamar mandhi. Rasane getun, kok wingi dheweke ora mlebu Pramuka tanpa izin. Sawise pelajaran, dheweke mulih. Fikri wis ora sabar ketemu Mbah Putri sing bakal teka lan nginep ing omahe wong tuwane. Ibu wis ngelingake Fikri supaya melu kegiatan Pramuka amarga Mbah Putri rawuh sore.

Sepur nembe tekan stasiun kira-kira tabuh 16.00 WIB. Fikri sing uwis kangen karo eyange, ngeyel yen dheweke bakal methuk Mbah Putri ing omah, mula dheweke kudu mulih luwih awal.

Lha, saiki Fikri getun amarga ibune bener. Fikri kudu ngenteni suwe nganti Mbah Putri rawuh. Amarga dheweke bolos Pramuka, dheweke dihukum ngresiki kamar mandhi mambu sing ditinggalake Pak Bon. Fikri lega amarga tugase wis rampung.

Dheweke lagi wae nyruput wedang putih saka botol sing digawa nalika ana pengumuman saka pengeras suara sekolah. Kabeh siswa didhawuhi guru gugur gunung ngresiki sekolah. Saben kelas mesthi resik amarga petugas piket sregep ngresiki. Nanging, platarane katon reged banget karo godhong sing sumebar. Mangsa iki kadhangkala nggawa angin kenceng satemah godhong-godhongan terus rontok. Apa maneh koridhor sing bledug kandel lan ruwang liyane sing ora didemek petugas piket. Tetanduran ing sakubenge pekarangan uga wis garing.

“Pancen susah yen Pak Bon lagi lara. Dadi kangen karo Pak Bon,” sambate Fikri. “Nembe lungguh ngaso, dikon resik-resik maneh,” raine mrengut.

“Ciyee...kangen...biasane ora tau nggatekake Pak Bon,” ujare Umar.

“Ewadene kanca-kanca ora kangen? Pak Bon lagi lara mung rong dina, sekolahe wis reget banget. Delengen kamar mandi, hiyy ambune ra karuan. Awake dhewe isih gumantung marang Pak Bon. Yen lara nganti pirang-pirang dina, kepiye dadine sekolahan?” pitakone Fikri.

“Iya, saiki awake dhewe rumangsa kelangan, biasane ora perduli. Pranyata Pak Bon nduweni peran gedhe ing sekolah iki,” ujare Yoga.

“Tugas Pak Bon ora beda karo guru. Tanpa wong-wong mau awake dhewe ora kuwat,” Umar kaget.

“Dhewe nembe ngrasa yen Pak Bon ora ana,” sambunge Fikri.

“Kepriye yen sore iki tilik Pak Bon,” saran Yoga.

“Bener kuwi, kas kelas bisa kanggo tuku oleh-oleh,” sambunge Rani, bendhahara kelas sing lagi ngrungokake ora adoh saka bocah-bocah mau.

“Sarujuk, budhal sekolah langsung mrana,” Umar sing dadi ketua kelas mutusake. Rampung rembugan, bocah-bocah banjur padha metu saka kelas kanggo gugur gunung.

“Lho kok Bapak boten rawuh, kula kangen Pak,” Umar miwiti nyapa Pak Bon sawise tekan omahe budhal sekolah.

“Bapak lara, vertigone kumat maneh. Ora bisa apa-apa. Piye sekolahe?” Pak Bon kaget karo tekane bocah-bocah.

“Wah semrawut, Pak. Menawi boten wonten Bapak, sekolahe reged, Pak,” sambate Fikri.

“Dingapura, insya Allah sesuk mlebu. Alhamdulillah wis mari,” kandhane Pak Bon.

“Nyuwun sewu Pak, kita asring kesupen lan boten perduli kalihan karesikan. Bapak boten rawuh, ketinggal benten sekolahan,” ujare Yoga.

“Dongakna supaya bapak ora lara maneh, bocah-bocah. Dadi bapak bisa ngurusi sekolah,” ujare Pak Bon.

“Nanging, aku uga njaluk tulung. Bocah-bocah uga duwe tanggung jawab kanggo njaga karesikan sekolah. Yen wis biasa ngopeni lan njaga lingkungan awake dhewe mesthi kepenak sinau.”

“Nggih Pak, janji badhe langkung nggatosaken karesikan,” kandhane bocah-bocah meh bebarengan.

“Hmm... maturnuwun wis teka, dadi tambah semangate bapak,” Pak Bon mesem seneng. Bocah-bocah uga seneng bisa tilik Pak Bon.*

(kamot ing Djaka Lodang No. 07 Taun 2022 kaca 28).



FASE 4. MENGEMBANGKAN & MENYAJIKAN HASIL KARYA

Kelompok :

Nama Anggota : 1.

2.

3.

4.

5.

6.

Analisis Unsur Intrinsik Cerita Cekak

Latar (Setting) :

- Latar Panggenan:

a

Pawadanipun:

b.....

Pawadanipun:

c.....

Pawadanipun:

d.....

Pawadanipun:

e.....

Pawadanipun:

f.....

Pawadanipun:

g.....

Pawadanipun:

FASE 4. MENGEMBANGKAN & MENYAJIKAN HASIL KARYA

- **Latar Wekdal**

a

Pawadanipun:

b

Pawadanipun:

c

Pawadanipun:

- **Latar Swasana:**

a

Pawadanipun:

b

Pawadanipun:

c

Pawadanipun:

FASE 4. MENGEMBANGKAN & MENYAJIKAN HASIL KARYA

Sumangga sesulih saking kelompok saged maosaken asiling pirembagan kelompok wonten ing ngajeng kelas.



FASE 5. ANALISIS & EVALUASI PROSES PEMECAHAN MASALAH

Kangge mangertosi seserepan para siswa sasampnipun nyinau bab unsur intrinsik cerita cekka wonten ing dinten menika, sumangga saged mangsuli pitakenan-pitakenan wonten ing *post-test* ingkang saged dipuntingali wonten ing *link* menika <https://quizizz.com/join?gc=76726358>

